

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik panalungtikan, jeung instrumén panalungtikan. Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Nurutkeun Sugiyono (2021, kc. 9-10), panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan dumasar kana falsafah *postpositivisme* atawa *enterpretif*, digunakeun pikeun kondisi objék anu alamiah, nu mana panalungtik jadi konci tina instrumén panalungtikanana, sarta hasil panalungtikan kualitatif sipatna leuwih maham kana ma'na. Salasahiji karakteristik panalungtikan kualitatif nurutkeun Bogdan & Biklen (dina Sugiyono, 2021, kc. 7) nyaéta panalungtikan kualitatif sipatna leuwih déskriptif. Data-data nu kakumpul winangun kekecapan atawa gambar, sanggeus data dianalisis tuluy didéskripsikeun. Panalungtikan déskriptif mangrupa panalungtikan nu mibanda udagan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, anu hasilna ditulis dina wangun laporan (Arikunto, 2014, kc. 3).

Métode jeung téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh, nyaéta métode déskriptif analisis, téhnik talaah pustaka, jeung studi dokuméntasi. Métode déskriptif analitik dilaksanakeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna dianalisis (Ratna, 2015, kc. 53). Ku kituna, dina ieu panalungtikan dianalisis jeung didéskripsikeun ngeunaan: (1) struktur dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman; (2) ajén moral nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman; jeung (3) larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta gambaran nu mangrupa prosés atawa runtuyan léngkah-léngkah pikeun panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikanana. Nurutkeun Narbuko jeung Achmadi (2009, kc. 57), léngkah panalungtikan nyaéta runtuyan prosés panalungtikan ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Sangkan gampang dipikaharti, ilaharna

léngkah-léngkah panalungtikan divisualisasikeun dina wangun bagan. Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dilaksanakeun dina sababaraha tahapan, saperti kieu.




Bagan 3 1
Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa subjék anu digunakeun pikeun nyangking data panalungtikan (Arikunto, 2014, kc. 172). Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman.

3.2.1 Idéntitas Kumpulan Carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*



Gambar 3. 1
Kumpulan Carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*

Judul : *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*
 Pangarang : Hanna Djumhana Bastaman
 Taun Terbit : 2016, citakan kahiji
 Penerbit : Pustaka Jaya
 Kandél Buku : 136 kaca
 Ukuran : 20 x 14,5 cm

Ieu buku ngawengku sapuluh judul carita nyaéta:

- 1) *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*. Nyaritakeun lumangsungna hajat *Ceu Nonoy*, putra bungsu *Ua Banagara*, nu pinuh ku kabagjaan tapi hésé dikedalkeunana iwal ku merebeyna cipanon.
- 2) *Dulur Sabrayna*. Nyaritakeun kahirupan hiji kulawarga nu katitipan anak ua, nu dipiharep bisa ngarobah sipat jeung kalakuanna nu kurang hadé.

- 3) *Dibarengan Gumuruhna Takbir*. Nyaritakeun hiji budak nu indit ti lembur, dina poéan malem takbir sanggeus sapuluh taun karék aya kereteg hayang balik rék ménta hampura ka nu jadi kolot.
- 4) *C'est Jolie*. Nyaritakeun lalampahan hiji vokalis tembang Bandungan nu panggih jeung jajaka dina acara *Malam Budaya Indonesia*, di Paris.
- 5) *Ema*. Nyaritakeun kumpulna hiji kulawarga nu geus pada rumah tangga dina nungguan jeung ngurus indungna nu gering kacida.
- 6) *Sabada Ema Ngantun*. Nyaritakeun hiji budak nu geus sataun ditinggalkeun indungna masih kénéh sedih jeung nalangsa saupamana panggih jeung awéwé nu geus kolot sarta niténan hal-hal nu aya patalina jeung indungna.
- 7) *Misteri Si Kerud*. Nyaritakeun hiji barang pusaka karuhun nyaéta iteuk nu geus diurus ku tilu generasi: aki, anak, jeung incu, nu loba kacaritakeun pamohalanana.
- 8) *Nyinting*. Nyaritakeun dua lalaki nu sosobatan tapi saingan dina ngabandang Béntang Nyéngsérét, duanana silih gantian nepungan éta wanoja di imahna.
- 9) *Dicukur di Lembur*. Nyaritakeun hiji pangalaman dicukur anu hasilna teu bener, totorombolan. Ahirna dicukur deui pikeun ngarapihkeun éta buuk lantaran éra rék panggih cengceuman.
- 10) *Zéngkol Zibalanarik*. Nyaritakeun hiji kajadian nyimpen émbér eusi jéngkol nu dibulen ku kérésék hideung di hiji réstoran, isukna éta barang disangka bom sarta abus kana berita nasional.

Dina bagian jilid hareup buku dipidangkeun ilustrasi nu patali jeung caritaan nu aya dina éta buku kumpulan carpon. Gambar jilid buku dijieun ku Budi Riyanto Karung, ngagambarkeun carita dina carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*. Jilid warna biru nu ngailustrasikeun kaayaan nalika hajat Ceu Nonoy, nu mana loba jalma nu hadir sarta tokoh utama kuring (Ujang) geus siap nyepengan payung agung lantaran rék mayungan pangantén dina acara nyawér.

Dina bagian jilid tukang buku mah dipidangkeun sababaraha rupa, nyaéta aya sempalan tina carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*, aya ogé kamandang ti dua pamaca kana éta buku kumpulan carpon, kapanggih logo jeung katerangan penerbit, sarta aya *barcode* jeung nomer ISBN.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang



Gambar 3. 2
H. D. Bastaman

Hanna Djumhana Bastaman lahir di Padahérang (Kabupatén Pangandaran kiwari), Ciamis, dina tanggal 4 Nopémber 1939. Putra bungsu ti salapan sadulur. Ti bubudak resep lalajo wayang, nepi ka kungsi boga cita-cita jadi dalang. Lian ti éta, karesepna kana ngahariring jeung tulas-tulis, bisa jadi katitisan ti ramana (pangsiunan halipah) nu resep ngahaleuang tur tapis ngadangding deuih (salah sahiji karyana *Ngabukbak Lakbok 1925—1937*). Karesepna kana

kahariringan kasalurkeun ogé sabada panggih jeung Idi Rosadi jeung Mimin Rosadi, juru mamaos “Pancaswara” ti RRI Jakarta. Aya taunna jadi “tukang alok” di RRI Jakarta marengan aranjeunna (Bastaman, 2018, kc. 108).

H. D. Bastaman mimiti nyuprih pangarti di Sakola Rakyat di Padahérang nepi ka kelas 3. Naék kelas 4 pindah ka Sakola Rakyat Percobaan Jalan Sabang, Bandung nepi ka lulus. Karangan munggaran mangrupa sajak pondok nu ditulis basa kelas 4. Kelas 6 mah karangan *Si Amin Penjual Koran*, digunakeun pikeun bahan ujian basa Indonésia taun éta. Sakolana dituluykeun ka SMP Negeri 2 jeung SMA C Negeri 5 Bandung. Ti dinya, anjeunna tuluy kuliah di Fakultas Hukum Universitas Padjajaran, mung teu cacap. Kuliah di Unpad nepi ka tingkat Doctoral 1 (ayeuna mah Sarjana 1, semester genep) jaman kuliah 5 taun kénéh. Ahirna kaluar ti Unpad tuluy ka Jakarta, ngamimitian deui kuliah ti tingkat I di Fakultas Psikologi Universitas Indonesia.

Kabéngbat ku organisasi, H. D. Bastaman aktip di Senat Mahasiswa, HMI, jeung Badan Kesenian Sunda, malah milu marajian lahirna DAMAS Jakarta deuih. Ti mimiti sarjana muda geus diangkat jadi asistén di Bagian Psikologi Klinis. S2-na diréngsékeun di UI. Ditawaran ka S3 gideug, lantaran ngarasa geus kurang motivasi (Bastaman, 2004). Nulis karya sastra téh sabada pangsiun jadi dosén lantaran loba waktu kosong jeung teu pagedrug ku nulis artikel jeung laporan ilmiah ogé pagawéan kantor séjénna. Bukuna nu munggaran ditulis nyaéta

Integrasi Psikologi dengan Islam: Menuju Psikologi Islami (Pustaka Pelajar, 1995). Buku kaduana, *Meraih Hidup Bermakna: Kisah Pribadi dengan Pengalaman Tragis* (Paramadina, 1996), tina tésis S2-na. Anjeunna remen deuih jadi kontributor dina buku-buku séjén. Buku nu katilu ditulisna nyaéta *Sura-Seuri Sunda* (Pustaka Jaya, 2004). Buku nu kaopat ditulis nyaéta *Logoterapi: Psikologi untuk Menemukan Makna Hidup dan Mengembangkan Hidup Bermakna* (2006). Bukuna nu kalima aya *Béntang Tembang* (2011), tuluy nulis buku nu kagenep dina judul *Kabungbulengan* (Pustaka Jaya, 2013). Di taun 2016 nulis dua buku nyaéta *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* (Pustaka Jaya) jeung *Nganjang ka Pagéto* (Pustaka Jaya), mangrupa buku kumpulan carpon sarta dilélér Hadiah Rancagé. Tuluy nulis novél kalawan judul *Absur* (Pustaka Jaya, 2018) sarta nulis buku *Pupuhu di Gunung Tilu* (édisi éléktronik, 2020). Buku panganyarna *Ninggalan Rundayan Bastaman: Ajén-inajén Hirup Nanjung Sauyunan* (Pustaka Jaya, 2021), mung éta mah buku internal kulawarga.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka jeung téhnik studi dokuméntasi. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan, sedengkeun téhnik studi dokuméntasi mangrupa cara nu dilakukeun pikeun néangan informasi saloba-lobana. Sugiyono (2021, kc. 124) nétélakeun yén dokumén mangrupa catetan kajadian nu geus lumangsung, bisa wangun tinulis, gambar, atawa karya-karya monuméntal. Ieu téhnik digunakeun waktu néangan sumber tiori anu dijadikeun patokan atawa dasar dina ieu panalungtikan.

Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun datana, nyaéta:

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) maca kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman salaku sumber data utama anu dianalisis struktur, ajén moral, jeung luyu henteuna pikeun dijadikeun bahan pangajaran;

- 3) nyirian bagian-bagian nu kaasup struktur, ajén moral, sarta carpon mana waé nu luyu jeung kritéria dina milih bahan ajar;
- 4) nangtukeun jeung ngumpulkeun data nu kaasup struktur, ajén moral, jeung carpon nu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan, ngolah datana ngagunakeun téhnik analisis. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman. Sabada data dikumpulkeun, tuluy dianalisis ngagunakeun téhnik: (1) analisis struktural ngagunakeun tiori Robert Stanton, (2) analisis ajén moral ngagunakeun tiori Warnaen spk., jeung (3) analisis kritéria milih bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA. Éta téhnik téh mangrupa cara pikeun nyangking jawaban tina pasualan-pasualan nu ditanyakeun.

Pikeun ngolah éta data dilakukeun sababaraha tahapan, nyaéta:

- 1) maca jeung maham kana buku kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman;
- 2) nganalisis eusi kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman ngaliwatan struktur, ajén moral, jeung kritéria milih bahan ajar;
- 3) nyieun papasingan data nu dianalisis dumasar kana struktur kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman;
- 4) ngadéskripsikeun struktur kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman;
- 5) nangtukeun ajén moral naon waé nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman;
- 6) ngadéskripsikeun carpon mana waé nu luyu pikeun dijadikeun bahan pangajaran dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman;
- 7) nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina nyangking jeung ngabagi data dumasar kana pasualan-pasualan nu ditanyakeun diperlukeun instrumén atawa alat. Nurutkeun Arikunto (2014, kc. 2013), instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah anu ditalungtik sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalayan hasil nu lengkep tur sistematis.

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data jeung cutatan carita ngagunakeun kode data. Tabél data digunakeun sangkan panalungtik leuwih gampang ngébréhkeun data dina sempalan-sempalan carita nu aya dina kumpulan carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara* karangan H. D. Bastaman kana indikator nu baris dianalisis, nyaéta ngeunaan struktur carita, ajén moral, jeung kritéria milih bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMA.

1) Tabél Analisis Téma

Tabel 3. 1
Analisis Téma

No.	Téma	Cutatan Carita	Kode Data (C/KU/KC)
1.			

Keterangan:

- (1) C : Judul Carpon
- (2) KU : Kode Urutan Data
- (3) KC : Kaca

2) Tabél Analisis Fakta Carita

Tabel 3. 2
Analisis Galur

No.	Galur	Cutatan Carita	Kode Data (C/KU)
1.			

Keterangan:

- (1) C : Judul Carpon
- (2) KU : Kode Urutan Data

Tabel 3. 3
Analisis Tokoh jeung Penokohan

No.	Tokoh	Sipat/Watek	Cutatan Carita	Kode Data (C/KU/KC)
1.				

Katerangan:

- (1) C : Judul Carpon
 (2) KU : Kode Urutan Data
 (3) KC : Kaca

Tabel 3. 4
Analisis Latar

No.	Latar	Cutatan Carita	Kode Data (C/L/KU/KC)
1.			

Katerangan:

- (1) C : Judul Carpon
 (2) L (LT/LW/LS) : Latar (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial)
 (3) KU : Kode Urutan Data
 (4) KC : Kaca

3) Tabél Analisis Sarana Carita

Tabel 3. 5
Analisis Judul

No.	Judul	Cutatan Carita	Kode Data (C/KU/KC)
1.			

Katerangan:

- (1) C : Judul Carpon
 (2) KU : Kode Urutan Data
 (3) KC : Kaca

Tabel 3. 6
Analisis Puseur Implengan

No.	Puseur Implengan	Cutatan Carita	Kode Data (C/KU/KC)
1.			

Katerangan:

- (1) C : Judul Carpon
- (2) KU : Kode Urutan Data
- (3) KC : Kaca

Tabel 3. 7
Analisis Gaya Basa

No.	Gaya Basa	Cutatan Carita	Kode Data (G/C/KU/KC)
1.			

Katerangan:

- (1) G (GB/B/P) : Gaya (Gaya Basa/Babasan/Paribasa)
- (2) C : Judul Carpon
- (3) KU : Kode Urutan Data
- (4) KC : Kaca

4) Tabél Analisis Ajén Moral

Tabel 3. 8
Analisis Ajén Moral

No.	Ajén Moral	Cutatan Carita	Kode Data (AM/C/KU/KC)
1.			

Katerangan:

- (1) AM : Ajén Moral (MMP/MMDS/MMPJ/MMA/MMW/MMLB)
- (2) C : Judul Carpon
- (3) KU : Kode Urutan Data
- (4) KC : Kaca

5) **Tabél Analisis Kritéria Milih Bahan Ajar**

Tabel 3. 9
Analisis Kritéria Milih Bahan Ajar

No.	Kriteria Milih Bahan Ajar	Kumpulan Carpon <i>Ceu Nonoy Putra Ua Banagara</i> Karangan H. D. Bastaman		Kode Data (C/KU)
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan nu hayang dihontal			
2.	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat murid			

Keterangan:

- (1) C : Judul Carpon
(2) KU : Kode Urutan Data

Tabel 3. 10
Analisis Unsur Aprésiasi Sastra

No.	Unsur Aprésiasi Sastra	Kode Carpon									
		A	B	C	D	E	F	G	H	I	J
1.	Aspék kognitif										
2.	Aspék émotif										
3.	Aspék évaluatif										

Keterangan:

- (1) A :Carpon *Ceu Nonoy Putra Ua Banagara*
(2) B :Carpon *Dulur Sabrayna*
(3) C :Carpon *Dibarengan Gumuruhna Takbir*
(4) D :Carpon *C'est Jolie*
(5) E :Carpon *Ema*
(6) F :Carpon *Sabada Ema Ngantun*
(7) G :Carpon *Misteri Si Kerud*
(8) H :Carpon *Nyinting*
(9) I :Carpon *Dicukur di Lembur*
(10) J :Carpon *Zéngkol Zibalanarik*